Bhaibheri re vana

Rikukupai

Mwana anodiwa anoitwa muranda

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: M. Kerr; Sarah S; Alastair P.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children

www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Isaka akafara zvikuru. Mwanakomana wake Jakobho akanga adzoka kumba. Kunyangwe Esau akanga apika kumuuraya akamufarira. Asi vanakomana vaJakobho vakanga vasingafari, nokuti munin'ina wavo Josefa aifarirwa nababa vake.



Vakoma vaJosefa vakatsamwa zvikuru paakanga achivaudza zvaakanga arota. Josefa akati, "Takanga tichisunga zvisote mumunda, chisote changu chikasimuka ndikaona zvisote zvenyu zvichikomba changu, zvakakotama pamberi pechisote changu."



Hope idzi dzakareva kuti Josefa achava mukuru kudarika Vakoma vake.



Muhope dzaJosefa dzechipiri, zuva, mwedzi pamwe chete nenyeredzi dzakakotama pamberi pake. Baba vake vakatsamwa nokuti Josefa akanga azviremekedza pamberi pevabereki vake nevakoma vake.

Rimwe zuva, Jakobho akatuma Josefa kumunda kwanga kuine vakoma vake. Vakoma vake vakamuona achiuya. Vakati, "Ngatiuraye muroti uyu." Josefa haana kuziva zvavakanga vamurongera.



Mukomana mukuru Rhubheni haana kubvimirana navo. Akati, "Musadururura ropa. Mukandirei mugomba iri. Regai afire imomo." Rhubheni akanga achida kudzoka manheru kuti abudise Josefa.



Josefa
achinge asvika,
vakoma vake
vakatora nguwo
yake yemavara
mazhinji yaakanga
agadzirirwa
naJakobho,
vachibva
vamukanda
mugomba
rakanga
risina
chinhu.



Mushure mokunge Rhubheni aenda, varume vakanga vari pangamera vachienda kuIjipita vakasvika. Judha akati, "Ngatitengese Josefa." Vakatengesa Josefa namashekeri ana makumi maviri.



Varume ava vakatanga kufamba vachienda naJosefa.
Josefa akachema.





"Hayisi nguwo yaJosefa here iyi ine ropa? Taiwana murenje." Vanakomana vakanga vaine hutsinye vakaita kuti Jakobho atende kuti Josefa akanga aurayiwa nomhuka yomusango. Jakobho akabvarura nguwo dzake ndokubvaachema, asi hapana akakwanisa kumunyaradza.



Zvichida, Josefa ari kuIjipita akanga achida kudzokera kumba. Asi akanga asingakwanise kutiza. Akanga ari mushandi muimba yamamabo wemuIjipita ainzi Potifari. Potifari akaona kuti Josefa aishanda nesimba uye akanga ari munhu akavimbika.

Rimwe zuva, Potifari akati kuna Josefa, "Zvose zvaunoita zvinofamba zvakanaka. Mwari anewe. Ndinoda kuti uve mutariri weimba yangu uye kuti uve mutariri mukuru pakati pevamwe vose."

Nokuda kwaJosefa,
Mwari akaropafadza
Potifari nokukohwa
kukuru uye nepfuma
zhinji. Josefa akanga
ari murume aitenda
kuna Mwari uye akanga
akavimbika. Asi rimwe
zuva akawirwa
nedambudziko.



Mukadzi waPotifari akanga ari munhu anehutsinye. Akakumbira Josefa kuti avate naye. Josefa akaramba nokuti akanga asingadi kutadzira Mwari nokuda kwaPotifari.



Mukadzi waPotifari akaedza kumanikidza Josefa, asi akamhanya achitiza. Akabva asara akabata nguwo yaJosefa.



Mukadzi waPotifari akati, “Mushandi wenyu anga achida kundirova.” Potifari haana kufara nazvo. Zvichida akanga achiziva kuti mukadzi wake akanga achinyepa. Akanga achaita sei?



Potifari akaisa
Josefa mujeri.
Josefa akanga
asina kutadza uye
haana kutsamwa.

Zvichida, akanga achidzidza kuti kunyangwe ari kunzvimbo ipi neipi, akateerera Mwari, Mwari vanomufarira-kungangwe ari mujeri.

Mwana anodiwa anoitwa muranda

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 37, Mavambo 39

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16